



# 5 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Pwoteksyon kont Diskriminasyon oswa Asèlman ki Baze sou Oryantasyon Seksyèl ak Idantite oswa Ekspresyon Seksyèl

- 1 Lwa Kont Diskriminasyon (LAD) New Jersey a entèdi diskriminasyon ak asèlman nan travay, lojman, ak lokal akomodasyon piblik ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl ki reyèl oswa aparant. Sa vle di moun ki se omoseksyèl, lesbyèn, biseksyèl, trans-seksyèl, queer, oswa entèseksyèl (LGBTQI) dwe trete menm jan nan travay, nan lojman ak nan lokal ki ouvri pou piblik la.**
- 2 LAD jeneralman aplike pou desizyon yon anplwayè, pwopriyetè oswa lokal akomodasyon piblik.** Yon anplwayè pa ka pran desizyon sou travay tankou pou anboche oswa revoke, pwomosyon, ak avantaj (ki gen ladan swen sante, konje parantal ak konje familyal) ki baze sou sitiyasyon LGBTQI oswa estereyotip seksyèl. Yon pwopriyetè pa kapab refize lwe, chaje plis kòb lwaye, ofri ekipman ki diferan, oswa refize fè reparasyon ki baze sou sitiyasyon LGBTQI. Ak yon lokal akomodasyon piblik (tankou lekòl oswa biwo doktè) pa kapab refize sèvis oswa ofri yon nivo sèvis oswa swen ki diferan oswa ki baze sou sitiyasyon LGBTQI.
- 3 LAD entèdi asèlman tou ki baze sou sitiyasyon LGBTQI nan yon fason ki kreye yon anvwonman agresif.** Si yon anplwayè, founisè lojman, oswa lokal akomodasyon piblik konnen oswa ta vin okouran de asèlman sa a, li dwe aji pou sispann li.
- 4 LAD egzije pou trete moun yo yon fason ki koyeran ak idantite oswa ekspresyon seksyèl yo.** Pami lòt bagay yo, moun trans-seksyèl yo dwe jwenn pèmasyon pou swiv kòd abiman yon anplwayè ak itilize twalèt oswa chanje sal an rapò ak idantite oswa ekspresyon seksyèl yo, epi pou gen dwa pou yo abòde yo nan non, tit oswa pwonon yo chwazi a. Yo pa bezwen montre okenn "prèv" patikilye pou sèks pou yo ka egzèse dwa sa yo.
- 5 Yon anplwayè, pwopriyetè, oswa lokal akomodasyon piblik pa ka fè reprezay kont yon moun poutèt li egzèse oswa eseye egzèse dwa sa yo oswa nenpòt lòt dwa nan kad LAD a.**

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele **973-648-2700**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ

[NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov)

DIVISION ON  
**CIVIL RIGHTS**